

ETA FLORIDA

PLAN DAKSYON *pou* RETABLISMAN APRE DEZAS



Se Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Etazini ki te soumèt li pou respekte kondisyon pou pwogram Blòk Devlopman Kominotè - Retablisman Dezas (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) pou retablisman apre Siklòm Irma.

Chanjman ki pa gen gwo enpak 5			
Nimewo paj avan	Nouvo nimewo paj	Seksyon	Sa nou chanje/ajoute/efase
83-84	84-85	Evalyasyon bezwen ki pa satisfè	<p>Korije fot frap nan done Biznis ak Travay</p> <ul style="list-style-type: none"> Paj 83, dènye paragraf la, verifye pèt byen imobilye ki \$281,064,990 Paj 83, dènye paragraf la, medyan verifye pèt ki \$31,633 Paj 84, dènye paragraf la, potansyèl bezwen ki pa satisfè \$ 910,830,911
120	121	Pwojè ak Aktivite	Korije fot frap nan Peryòd Aksèsibilite
120	121	Pwojè ak Aktivite	Ajoute deklarasyon ou kalifye seksyon entwodiksyon Aktivite Revitalizasyon Ekonomik la pou eksplike kijan aktivite sayo pral abòde bezwen pou retablisman lojman ki pa satisfè konfòmeman ak Rejis Federal 5844, Volim 83, Nimewo 28.
120-121	122-123	Pwojè ak Aktivite	Revize sou-benefisyè ki kalifye pou Pwogram Fòmasyon pou Retablisman Mendèv la, ajoute domèn Pwogram Fòmasyon pou Retablisman Mendèv la, epi klarifye kondisyon pwogram nan Seksyon 3 a

Pwojè Asistans Piblik pa Kategori, Siklòn Irma			
Kategori enfastrikti	Pri apwoksimatif	Estimasyon Kontribisyon Federal	Estimasyon Aplikan Pataje
E (Bilding ak Ekipman)	\$529,785,546	\$397,356,849	\$132,428,697
F (Sèvis Piblik)	\$287,922,730	\$215,942,048	\$71,980,683
G (Lòt)	\$386,593,984	\$289,952,194	\$96,641,790
Total	\$4,274,430,191	\$3,285,577,515	\$988,852,677
Total san A&B	\$1,550,160,867	\$1,162,645,046	\$387,515,822

HMGP ak Rezistans

Pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program, HMGP) a pral yon pati enpòtan nan amelyorasyon rezistans alontèm pou enfastrikti nan zòn ki afekte a. Jeneralman yo kalkile HMGP sou 15 pousan montan total IA a epi yo distribye PA a pou yon evènman dezaz. FEMA te bay kenx (15) pousan total finansman PA yo (\$2,960,178,503) an plis finansman Pwogram Asistans Pwogram Lojman Endividyèl FEMA a ki te vin disponib (\$1,021,180,392), se montan finansman HMGP ki pral disponib pou aktivite rediksyon ak rezistans nan tout Eta a. Pou dezaz sa yo, nou estime kontribisyon federal HMGP se \$597,203,834.

Kalkile asistans HMGP pou nenpòt ki jiridiksyon limite a 75 pousan bezwen yo idantifye (25 pousan ki oblije yon kontribisyon lokal), nou kapab sipoze jiridiksyon yo pral oblije bay \$149,300,959 pou bay kontribisyon lokal, sa ki reprezante bezwen ki pa satisfè pou amelyorasyon rezistans. HUD te anonse Florida pral resevwa yon alokasyon an plis pou \$791 milyon dola epi li antisipe yon pòsyon nan finansman sa a kapab itilize pou kontribisyon HMGP ak rezistans pou soulaje kondisyon kontribisyon lokal yo. Yo ka itilize finansman CDBG-DR kòm yon kontribisyon Eta / lokal nan pwojè espesifik ki satisfè yon objektif nasyonal.

Enpak ekonomik

Biznis ak Travay

Sèvi ak done biznis SBA yo pou konprann enpak finansye nan mwayen moun yo pou viv pou konprann pi byen enpak ak retablisman nan tout Eta a. Administrasyon Ti Biznis bay kredi ki pa chè bay biznis ki kalifye yo. Dapre enfòmasyon sou prè biznis SBA, yo te verifeye pèt pwopriyete 3,902 aplikan se \$ 281,064,990 ak yon lòt 18,555 aplikan swa ki te swa anile aplikasyon yo oswa yo te bay refi. Mwayèn pèt verifeye pou tout aplikan yo te \$72,031 epi pèt medyan la te \$ 31,633. Anplwaye metodoloji jeneral pou mete enpak lojman devan ak bezwen ki pa satisfè pèmèt pou idantifikasyon pou toude vrè enpak ak lòt enpak yo estime pou biznis ki pa te kalifye pou jwenn kredi.

Enpak estime ak sipò SBA bay biznis anrejistre pèt total ki se \$ 1,362,990,312 lè yo fè total sòm pèt byen imobilye verifeye **\$281,064,990**, pèt estime ki se \$ 586,950,315 (18,555) aplikan yo te swa bay refi oswa ki te soti nan pwogram nan), pèt medyan verifeye ki se **\$31,633** montan verifeye ak estime pèt rekonstriksyon an ki se \$41,687,948, ak montan pèt demenajman verifeye (rekonstwi yon lòt kote) ki se \$34,141. Apresa DEO te itilize menm metòd la pou jwenn total pèt verifeye ak estime pou mèb, machin, envantè ak depans fonksyonman biznis (\$ 271,346,408), kalkile pou pousantaj aplikan ki gen degaj kòm yon pousantaj ak vrè pèt ki verifeye (Tablo 29).

Selon metòd sa a, enpak total sou biznis akòz Irma te \$1,181,049,661. Sa reprezante 20 pousan nan depans siplemantè ki asosye ak mezi rezistans tankou kòd bilding ki pi sevè, depans pou pran mezi konfòmite, egzijans pou fè elevasyon ki

se yon total \$1,362,990,312. Peman SBA bay biznis totalize a \$270,341,250 pou liy pèt sa yo, kite yon bezwen potansyèl ki toujou poko satisfè **\$910,830,911** oswa \$1,072,724,362 lè y ap konte pou adisyon rezistans.

espas. Sa ka gen ladan konsepsyon pou dlo lapli kreyatif, espas pak ak lòt egzanp. Nou pral ankouraje kominote yo ki patisipe nan pwogram sa a pou yo gen yon plan pou kijan yo pral itilize pwopriyete sa a pi devan pou redui risk pou gen inondasyon ak/oswa sèvis kòm yon espas rekreyasyon pou piblik la.

Peryòd Aksèsibilite

Pwopriyete k ap chèche asistans nan pwogram ki nan plan daksyon Eta Florid la ka oblije **konfòme** yo ak kondisyon peryòd aksesibilite a. Kondisyon pou aksesibilite yo se:

1. Pwojè reyabilitasyon oswa rekonstriksyon pwojè lojman pou lwe pou plizyè fanmi ki gen senk (5) oswa plis pral bezwen pwopriyete lokasyon ki jwenn èd la rete bon mache pou lokatè LMI yo pou yon minimòm 15 ane. Asistans pou Otorite Lojman piblik la ka tonbe anba kategori sa a.
2. Nouvo konstriksyon pwojè lojman pou lwe pou plizyè fanmi ki gen senk (5) oswa plis pral bezwen pwopriyete lokasyon ki jwenn èd la rete bon mache pou lokatè LMI yo pou yon minimòm 20 ane.
3. Peryòd aksesibilite pou yon apatman lokasyon pou yon grenn fanmi pral yon minimòm 1 ane, amwenske **gouvènman** lokal yo te etabli peryòd aksesibilite ki pi long. Otorite Lojman Piblik k ap chèche reyabilitasyon oswa rekonstriksyon pou inite lojman pou plizyè fanmi yo dwe ke pwopriyete ki jwenn èd la rete bon mache pou lokatè LMI yo pou yon minimòm 15 ane (si gen uit (8) inite oswa plis).
4. Yo ka bay konsiderasyon espesyal bay pwopriyete ki lwe lojman nan Florida Keys yo, selon yon analiz ka pa ka.

Aktivite Revitalizasyon Ekonomik

Pwogram lojman Florida a, ki detaye anlè a, pral abòde nesosite pou rekiperasyon lojman nan tout Eta a. Sepandan, rekiperasyon pou moun ak kominote yo dwe gen konsiderasyon pou biznis yo ak djòb ki bay sèvis ak travay. Jan yo rekonèt nan evalyasyon sa ki pa satisfè yo, biznis ak ekonomi Siklòn Irma te afekte **anpil**. Moun ki gen travay oswa biznis ki te afekte nan tanpèt la ka gen difikilte pou jwenn oswa kenbe lojman akòz revni yo te pèdi. Anplisdesa, nou antisipe bezwen pou retablisman ak redevlopman pral estrese mendèv konstriksyon kounye a, epi sa pral kreye bezwen pou kore devlopman mendèv travay la ki **nesesè** pou kenbe aktivite rekiperasyon lojman an. Pou asire retablisman total-kapital nan kominote yo, li esansyèl pou Eta Florida sipòte biznis yo ak mache travay la nan aktivite ki fèt pou abòde bezwen pou retablisman ekonomik ki pa satisfè yo.

Florida ap bay priyorite pou revitalizasyon ekonomik ak aktivite asistans piblik ki konsève oswa kreye djòb, ansanm ak aktivite ki bay fòmasyon ak sèvis sipò pou ede rezidan Florida yo jwenn travay epi yo kenbe yon travay. De (2) pwogram retablisman ekonomik ki dekri anba a yo fèt avèk objektif retablisman alontèm pou biznis yo, mache travay la ak tout kominote a.

Pou abòde bezwen pou **retablisman esansyèl** sa yo, DEO ap aplike **revitalizasyon ekonomik sa yo ak pwogram asistans piblik**:

- Pwogram Fòmasyon Rekiperasyon Mendèv
- Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis

Pwogram Fòmasyon Rekiperasyon Mendèv

Siklòn Irma te gen yon gwo enpak sou rezèv lojman an, sa ki te kreye plis demann pou nouvo konstriksyon ak aktivite reparasyon kay, ak plis enpak ankò sou konstriksyon komèsyal ak aktivite reparasyon. Demann ogmante pou aktivite konstriksyon apre Siklòn Irma te kreye oswa ogmante defisi nan ekipman pou nan anpil metye konstriksyon. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo montre yon mank nan ekipman alontèm pou travayè atravè plizyè metye konstriksyon. Lè yo abòde bezwen ki pa satisfè nan metye konstriksyon yo, Florida ka bay yon nouvo fòs travay pou sipòte demand ogmante pou konstriksyon apre katastwòf, epitou pou sipòte rezidan Florida k ap chèche nouvo travay nan ekonomi apre katastwòf la.

Pou asire gen resous pou sipòte bezwen rekiperasyon **ki rete** yo, DEO ap aplike yon pwogram fòmasyon retablisman mendèv ki ka genyen, men se pa sa sèlman, nan domèn:

- Twati;
- Mason;
- Chapantye;
- **Finisyon** beton;
- Plonbri;
- HVAC (chofaj, vantilasyon ak èkondisyone);
- Elektrisite;
- Operasyon ekipman lou;
- **Enstalasyon tapi;**
- **Enstalasyon vè / fenèt;**
- **Platraj;**
- **Soudaj;**
- Fòmasyon pèsonalize; ak
- Fòmasyon Sou Plas Travay la (OJT).

DEO ap chwazi antite pou bay sèvis fòmasyon mendèv atravè yon sik aplikasyon konpetitif. DEO ap chèche pwopozisyon ki soti nan Tablo Devlopman Mendèv kalifye, enstitisyon edikatif, ak sant teknik, ki pral dekri sèvis yo ka bay nan kominote ki afekte yo. **Pwogram sa a se pa yon pwogram sibvansyon dirèk. Yo pa pral peye okenn moun k ap chèche fòmasyon travay dirèkteman.**

Seksyon 3 nan pwogram nan egzije pou benefisyè **finansman** CDBG-DR yo bay, mezi sa posib, fòmasyon, travay, kontra ak lòt opòtinite ekonomik pou moun ki gen revni ba ak ba anpil, ak bay aktivite biznis ki bay opòtinite ekonomik bay moun ki gen revni ba ak ba anpil. Sou-benefisyè yo pral oblije demontre efò pou rekrite ak sible rezidan k ap resevwa asistans lojman piblik ak lòt moun ki gen revni ba ak ba anpil. Epi tou, sou-benefisyè yo ap oblije demontre yo refere moun ki gradye yo bay **biznis ki gen sipò oswa ki travay ak nenpòt** pwojè ki resevwa finansman CDBG-DR pou satisfè objektif kontra Seksyon 3 yo.

Alokasyon pou Aktivite: \$ 20,000,000

Sou-benefisyè ki kalifye yo: Tablo Devlopman Mendèv lokal, enstitisyon edikatif, ak sant teknik

Prim Maksimòm: N/A

Antite Responsab pou Administrasyon: DEO, **sou-benefisyè**

Kalifikasyon: 105(a)(8)

Objektif Nasyonal: Avantaj pou moun ki gen revni ba ak mwayen

Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis

Ti biznis yo jwe yon gwo wòl nan ekonomi lokal yo nan tout Eta a. Sa ka gen ladan ti boutik ak restoran tipik nan kominote yo, ansanm ak kiltivatè yo ak pechè ki enpòtan nan endistri agrikilti ak fwidmè komèsyal yo nan Florida. Jan nou te wè nan evalyasyon bezwen ki pa satisfè a, anpil nan ti biznis sa yo, ansanm ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi yo, te afekte nan Siklòn Irma. Van ak inondasyon ka domaje estrikti, detwi ekipman enpòtan ak envantè. Pandan anpil pwopriyetè biznis gen asirans pou estrikti yo epi kèk nan yo ka gen asirans sou sa ki nan bilding yo, evènman tankou sa yo ka mande pou pwopriyetè ti biznis sa yo pran nan ekonomi yo pou fè reparasyon ak ranplasman minimòm pou asire pòt yo rete louvri ak pou travay ka fèt pou rekòlte danre ak fwidmè. Paske yo rekonèt enpak sa a, DEO pral kreye yon pwogram sibvansyon pou pwopriyetè biznis ki kalifye k ap chèche ranbousman pou depanse pou ranplase ekipman ak envantè ki te domaje nan Siklòn Irma. Ranbousman kredi Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) pa otorize dapre gid federal pou finansman sa a epi dokimantasyon sou enpak Siklòn Irma pral obligatwa. Yo pral defini lòt gid sou pwosesis aplikasyon an, kalifikasyon ak jesyon pwogram lan apre apwobasyon plan aksyon sa a nan konsèy Eta a bay sou pwogram sa a. Pou chak konseye HUD, asirans pou inondasyon NFIP ki konfòme yo pral mande pou nenpòt ki ekipman yo te achte pou plis pase \$ 5,000 pou tout vi ekipman an oswa dire kredi a, si biznis la andedan plenn inondasyon an. DEO pral devlope politik ak pwosedi detaye yo nan yon lòt dat.

Alokasyon pou Aktivite: \$ 60,000,000

Aplikasyon ki Kalifye: Pwopriyetè ti biznis ki la pou fè benefis ak sa ki pa la pou fè benefis yo.

Kritè Kalifikasyon: Ti biznis yo ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo ak ekipman ak envantè Siklòn Irma te domaje yo.

Prim Maksimòm: \$ 50,000

Antite Responsab pou Administrasyon: DEO

Kalifikasyon: 105(a)(15) ak 105(a)(17)

Objektif Nasyonal: Avantaj oswa Bezwen ljan pou moun ki gen revni ba ak mwayen

Asistans Piblik

Jan yo rekonèt nan evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo, nouvo rezidan Florida yo ki sòti nan Pòtoriko akòz Siklòn Maria yo ap bezwen sipò pou rekonstwi lavi yo. DEO pwopoze yon pwogram asistans piblik pou sipòte nouvo popilasyon sa a.

Asistans Biznis pou nouvo rezidan Florida ki soti Pòtoriko yo.